



August / Août 2017

kirundu

Shira imyitwarariko yawe yose mu Mukama, ni we akugirira neza! (Zab. 55, 24a)

**Akira imyitwarariko yanje!
Take away my sorrows!**

„Freunde des Wortes“

Kontakt: Meinolf Wacker
Kirchplatz 7
59174 Kamen
Tel.: 0049-172-5638432
Mail: mail@onword.de
homepage www.onword.de

Bakunzi b'ljambo,

Hari umugani utwgisha ugira uti: „Ko inyoni ziguruka zirundarunda ingorane zazo hejuru yawe, aho ntaco ushobora guhinduramwo. Ariko ko zubaka icari cazo mu mishatsi yawe, ivyo urashobora kubihuza“. Uti none twashobora kwiga gute ingene twokwifata mu ngorane zacu, kugirango ntizame zituzingamika?

Umwanditsi w'Inkuru nziza Luka, aratubwira ivyerekeye abagenzi babiri ba Yezi bariko baragenda baganira ivyerekeye urupfu rwa Yezu, bahakwa kwihebura. Bagenda bava i Jeruzalemu aho Yezu – We Mizero yabo – yari yapfiriye. Mu nzira, bagenda baraganya baganira ivy'urwo rupfu. Iyo myidogo ntaco yabafasha. Ahubwo yabongerereza amaganya. “Ku gihamana”, haza umuntu arabahamvya. Arababaza ati: “Mbe ivyo ni ibiki mugenda muraganira mu nzira?” Bamwishura n'agashavu, ko yoba ariwe muntu we nyene atamenye ivyabaye i Yeruzalemu. Nawe agumana nabo, ahishikara kubabaza, ati: “vy'biki? Nabo batangura kumwiganira ivyerekeye umwizero n'ivyipfuzo vyabo, hamwe n'ugucika ivutu be n'ukwihebura kwabo. Ese ukuntu biremesha, kugira uwo uyagira ikikubakiye! Barakanguka, barahaza barabona neza. Baca barategera neza bati: “erega Imana yarik kumwe natwe muri urya twise “Umunyamahanga”. Yari We nyene. Yabakuyemwo imyitwarariko yabo muri birya “bibazo vyabakoroga”

Bakunzi b'ljambo, ingo dufashanye, kugirango imyitwarariko n'ingorane ntivyigere vyarika mu mishatsi yacu. Kenshi usanga hari utubazo duto duto –mbere abantu babaza bifyinatira- dukura izo ngorane mu mitima yacu, zigahinduka ibidutwenda. Nk'akarorero: Erega iyo minkanyari yo mu maso yawe yagabanutse – si vyo? Ingo dufashanye kuganira ingorane zacu, niho usanga Yezu yaje hagati yacu, “tugaca dusuka” izo ngorane kuri We. Aranyotewe ingorane zawe. Ashaka kukubona uhiriwe. Nico gituma dushobora kumusaba tuti: **Nkurako ingorane zanje! Take away my sorrows!**

OnWordTeam

Meinolf Wacker